# АСТÆУККАГ КЪОРДЫ САБИТÆН ИРХÆФСÆНЫ СЦЕНАРИЙ «УАЛДЗÆДЖЫ ФИДИУДЖЫТÆ – НÆ БАЗЫРДЖЫН ХÆЛÆРТТÆ»

*Хъомылгæнæг Дзгойты Зæлинæ*

*Хъæлдзæг ирон фæндырдзагъдмæ сабитæ бацæуынц музыкалон уатмæ, æрдæгзылдæй æрлæууынц.*

**Амонæг:** - Уæ бон хорз, сабитæ. Абон нæм ис æнахуыр бæрæгбон. Мах æрæмбырд стæм нæ рæсугъд уаты, цæмæй сбæрæг кæнæм уалдзæджы æрцыд æмæ – нæ базырджын хæлæрттæ – цъиуты æрбаздæхт хъарм бæстæй. Уалдзæджы æрцыдимæ бæстæ йæ тар фынæйæ райхъал вæййы. Хур ирдæй ирдддæр кæны, тынгæй тынгдæр тавы. Мæсчъыдæттæ хъæлдзæгæй зарынц æмæ цырдæй цырддæр скъæфынц сæхи стыр цæугæдæттæ æмæ цадтæм. Дуне у рухс æмæ райдзаст!

Байхъусæм ма Русик æмæ Софиямæ. Уыдон нын бакæсдзысты æмдзæвгæ уалдзæджы тыххæй.

Нæ Ир та ногæй дидин калы,
Æртахтысты нæ бæстæм цъиутæ,
Сæ зарджытæй æрвылбон махæн
Нæ зæрдæты æфтауынц цинтæ.

Нæ сабитæ дæр иумæ зарынц,
Сырддонцъиутау сæ зæрдæ хъал,
Æрбайхъусут-ма ног зарæгмæ,
У уалдзæг сабитæн – лæвар.

*Уый фæстæ сывææллæттæ зарынц зарæг.*

***Зарæг «Уалдзæг»***

*Зарæджы фæстæ ацæуынц æмæ сæ бынæтты сбадынц.*

**Амонæг:** - Сабитæ, æнхъæл дæн, æмæ нæм чидæр нæ бæрæгбонмæ тагъд кæны. Чи у, уый бамбардзыстут, уыци-уыци куы базонат, уæд.

***Ног та сулæфыди зæхх.***
***Быдыр ранæй-ран фæцъæх.***
***Бæлас акалдта сыфтæр.***
***Хъуысы тракторы къæр-къæр.***

***Дзывылдар дæр нæм æртахт.***
***Тынг ыл бацин кодтам мах.***
***У нæм булæмæргъ дæр уазæг,***
***Уый та нæм æрлæууыд… уалдзæг.***

*Музыкæимæ æрбацæуы Уалдзæг.*

**Уалдзæг:** - Уæ бон хорз, мæ гыццыл хæлæрттæ. Фехъуыстон уын уæ рæсугъд зарын æмæ фæтагъд кодтон уæ бæрæгбонмæ. Мæнæн тынг æхсызгон у сымахæй алкæй уынд. Зонын, сымах дæр нæ фембæлдмæ рагæй бæллыдыстут, æнхъæлмæ мæм кастыстут.

**Амонæг:** - Раст дæ, Уалдзæг, мах дæм тынг рагæй бæллæм. Ацы бæрæгбон дæр де̓рбацыдмæ бацæттæ кодтам. Байхъус-ма æмдзæвгæмæ, дæу тыххæй у.

Уалдзæг æрцыди, æрбакаст
Дзагцæстæй рудзгуытæм хур.
Зымæг фæлидзæг… Фæндараст.
Рухс уалдзæг, тынгдæр æй сур!

**Уалдзæг:** - Асырдтон æй, ма тыхсут. Иннæ азæй раздæр нæм зымæг нал фæзындзæн! Æз дæр зонын æмдзæвгæтæ. Байхъусут-ма мæм.

**Амонæг:** - Табуафси, Уалдзæг, æхсызгонæй!

Даргъ зымæг ивгæйæ,
Хъазгæ, æрттивгæйæ, ралæууыд бон.
Хур нæм йæ рухс тынтæ
Царды рæсугъд уындмæ калы бæстон.

Цъиутæ æртахтысты,
Донбыл æрбадтысты, хъусы сæм дон,
Зарынц сæ зарджытæ –
Уалдзæджы кадджытæ – царды фæндон!

**Амонæг:** - Бузныг, Уалдзæг, диссаджы рæсугъд æмдзæвгæ!

**Уалдзæг:** - О, фæлæ уын æй хуымæтæджы нæ радзырдтон. Фæнды мæ сабитимæ иу хъазтæй ахъазын æмæ, куыд лæмбынæг сты, уый сбæрæг кæнын. Фæлæ уал ма мын фыццаг зæгъут, цъиуты нæмттæ зонут? Ранымайут-ма, кæй зонут мæргътæй?

Тынг бирæты зонут. Уымæ гæсгæ уын æнцон уыдзæн ацы хъазты. Æз дзурдзынæн алыхуызон мæргъты нæмттæ æмæ ма æндæр цавæрдæр дзырдтæ дæр. Сымах та куыддæр фехъусат маргъы ном кæцы нæ амоны, ахæм дзырд, уæд хъуамæ хъæрæй нымдзæгъд кæнат. Цæттæ стут? Уæдæ райдыдтам.

***Æртахтысты мæргътæ: бæлæттæ, сырддонцъиутæ, бындзытæ 'мæ халæттæ.***

***Æртахтысты мæргътæ: бурцъиутæ, гæлæбутæ, хъæдхойтæ 'мæ гакк-гукктæ.***

***Æртахтысты мæргътæ: тæрхъустæ, дзывылдартæ, рувæстæ 'мæ æрсытæ.***

***Æртахтысты мæргътæ: булæмæргътæ, чъиритæ, сауцъиутæ 'мæ хърихъупптæ.***

**Уалдзæг:** - Тынг хорз сарæхстыстут, уе 'ппæтт дæр иттæг лæмбынæг стут! Ныр та æндæр хъазт! Уым дæр уын уæ лæмбынæгдзинад

æвзардзынæн. Хъазт хуыйны «Тæхы – нæ тæхы». Слæууæм ма стыр зылды. Æз дзурдзынæн бирæ алыхуызон дзырдтæ. Уыдоны ҆хсæн – цъиуты нæмттæ. Куы фехъусат цъиуы ном, уæд уæ къухтæ базыртау тилдзысту æмæ уаты «тæхдзыстут». Иннæ дзырдтыл та æнцад лæудзыстут. Цæттæ стут? Райдыдтам!

***Хъазт «Тæхы – нæ тæхы»***

**Уалдзæг:** - Æмбисонды арæсджын æмæ лæмбынæг сывæллæттæ стут! Зæрдиагæй арвыстон уемæ мæ рæстæг. Фæлæ мын афон æрцыд хæрзбон зæгъынæн. Иннæ сабитæ дæр мæм æнхъæлмæ кæсынц. Хорзæй баззайут, мæ чысыл хæлæрттæ, нæ иннæ фембæлдмæ!

*Уалдзæг ацыди.*

**Амонæг:** - Мах та нæ бæрæгбон дарддæр хæццæ кæнæм. Æмæ мæ фæнды, цæмæй, абон сарæй кæй кой кæнæм, уыдоны тыххæй зарæг дæр акæнæм. Мæргътæй зæгъын. Зонын æй, сымах диссаджы рæсугъд зарæг сахуыр кодтат.

***Зарæг «Зарынц цъиутæ»***

**Амонæг:** - Ныр та байхъусæм æмдзæвгæтæм. Уыдон дæр сты цъиуты тыххæй.

*Бæлон*

Мæргъты сабырдæртæй иу –
Сабитæн вæййы бæлон.
Нæу зæрватыкк, зарагцъиу,
У нæхи рæсугъд бæлон.

*Бурцъиу*

Уæздан цыд фæкæны,
Цыма йыл ис сахсæн.
Хæмпæлты нæ кæлы,
Бындзытæ дзы ахсы.

**Амонæг:** - Уалдзæг куы ралæууы, уæд цъиутæ æрбаздæхынц хъарм бæстæй æмæ сæхицæн цæрæн бынæттæ аразын райдайынц. Зæгъут-ма, куыд хуыйны цъиуы хæдзар? Иттæг раст!
Æрцыди та хъазты рæстæг. Фæнды уæ ахъазын? Ныртæккæ сымах фестдзыстут цъиутæ æмæ уæ хъæудзæн ахстон бацахсын. Ахстæттыл нымайдзыстæм мæнæ ацы тæлытæ. Æнæ ахстонæй цы цъиу баззайа, уый хъазтæй рахиздзæн.

*Сабиты адих кæнын дыууæ къордыл (зæгъæм, чызджытæ æмæ лæппутæ), цæмæй хъазт дыууæ фæлтæрæй арвитой.*

***Хъазт «Бацахс ахстон»***

**Амонæг:** - Байхъусæм та æмдзæвгæтæм нæ гыццыл базырджын хæлæртты тыххæй.

*Зарагцъиу*

Ацы гыццыл зарагцъиу
Уæлдæфы фæзары.
Уымæн хуыйны зарагцъиу, -
Хъæлдзæг нæ фæдары.

*Булæмæргъ*

Бирæтæй рæсугъддæр
Гыццыл булæмæргъ.
Уæлдæфы æдзухдæр
Зары бурбын маргъ.

**Амонæг:** - Сабитæ, абонсарæй дæр уын æз цалдæр хаты загътон цъиутæ нæ хæлæрттæ сты, зæгъгæ. Фæлæ ма мын зæгъут, цæмæн сæ хонæм нæ хæлæрттæ? Цы пайда хæссынц цъиутæ æрдзæн æмæ адæймагæн?

*(уыдон хæрынц бындзыты, къогъоты, бæлæстæ чи хъыгдары, ахæм зулчъытæ æмæ хъæндилты. Цъиутæ куы нæ уой, уæд зианхæссæг сасчытæ сбирæ уыдзысты æмæ бæлæстæ фесæфдзысты. Адæм та къогъотæ æмæ бындзытæ хъыгдардзысты)*

- Рæстытæ дзурут. Мæргътæ стыр пайда хæссынц æрдзæн æмæ адæймагæн. Æмæ сæ мах хъуамæ хъахъхъæнæм, аудæм сыл æмæ сын æххуыс кæнæм.

- Цæй, уæдæ нæ бæрæгбон дарддæр хæццæ кæнæм æмæ уæ хонын кафынмæ!

***Кафт***

**Амонæг:** - Ныртæккæ та нын Даринæ æмæ Аннæ бакæсдзысты æмдзæвгæ зæрватыччы тыххæй.

*Зæрватыкк*

Ратæх, зæрватыкк, ныллæгдæр.
Азар фисынæй дæ зарæг.
Уалдзæг нæм фæци хæстæгдæр,
Зæрдæ агуры дæ зарæг.

Ды куы фæзыныс нæ бæсты,
Уæд мæ сонт зæрдæ ныххуды.
Ратæх, ратæх-иу мæ рæзты,
Азар, барæвдау мæ уды…

**Амонæг:** - Бузныг, чызджытæ, тынг рæсугъд радзырдтат. Зæгъут-ма уæдæ, сабитæ, цъиутæ мах сæ зарджытæй хъæлдзæг дарынц, бæлæстæ зианхæссæг сасчытæй хъахъхъæнынц. Махæн та нæ бон цæмæй у цъиутæн баххуыс кæнын?

- Æз зонын, сымах уæ ныййарджытимæ мæргътæн хæрæндæттæ æмæ къалатитæ кæй сарæзтат, уый. Нæ бæрæгбон куы фæуа, уæд рацæудзыстæм æмæ сæ нæ кæрты алы рæтты арцауындздзыстæм. Уадз, æмæ нæ рæвдауæндонмæ алыхуызон мæргътæ тæхой æмæ нын нæ зæрдæтæ рухс кæной.

- Ныр та уал сын азарæм, сæ хæдзæрттæ цæттæ сты, уый сын радзурæм!

***Зарæг «Цъиу, мæ гыццыл цъиу, мæ хæлар»***

**Амонæг:** - Бузныг, сабитæ! Мæн фидарæй уырны, нæ абоны бæрæгбон кæй нæ фæдзæгъæл уыдзæн æмæ сымахæй алчи дæр цъиутæн кæй уыдзæн сæ хорз хæлар. Кæй сæ уарздзыстут, кæй сæ хъахъхъæндзыстут æмæ сын уе ѐххуысы хай кæй никуы бавгъау кæндзыстут! Ныр та цомут кæртмæ æмæ иумæ æрцауындзæм нæ хæлæртты цæрæн бынæттæ æмæ хæрæндæттæ.